

## ФЕДАР ÆФСÆРГÆЙ ÆФЦÆГБÆЛ РАХЕЗДЗÆНÆ, БАДГÆЙ БА – ГЪУНА РАУАДЗДЗÆНÆ!..

*Михаил ПРИШВИН (1873-1954), финсæг: «Ку дæ бафхуæрдæуа, уæд дæ нифс ма расæттæд: ес еу ахсгиаг мадзал – косгæ кæнæ. Гъæуама дæ еугур хъауритæ дæр исаразай дæ исфæлдистадон цирагъ багъæуай кæнунмæ. Еци цирагъи хæццæ поэт рацæуй уæлахезæй. Ихалæн тухтæн сæ архайд банидæн уй, цард ба аразуни надбæл æрлæууй...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№15 (887) 2023 анзи 29 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## БÆРÆГБОН



**КЕРТАНТИ Тæхир,**

(1922-1992) журналист, финсæг

### МАЙЙÆН

О, æрдзи цæсгом,
О, цъæх-цъæхид Май,
Æд фарнæ нæмæ
Æгас æрцæуай!

Дæ рæсугъд фæлуст,
Дæ рохс цардирай
А-дуйнетæбæл
Рахæлеу кæнай!

Тугъдæндзаргутæн,
Лæги фидхуар ка ’й, –
Сæ цъаммар муггаг
Бунтæй искæрдай!

Куд кæна дуйне
Æ царди радæ,
Куд æрфедар уа
Сабурдзийнадæ!

И дуйней адæм,
Мах бæсти дзиллау,
Куд идзулонцæ,
Хæлар бийнонтау.

Мах бæсти дзиллау,
Игъæлдзæг, фæндон
Куд æрветонцæ
Дæу боц бæрæгбон!

***1955 анз***

* * *

Аци æмдзæвгæ кæд раги финст æрцудæй, уæддæр, махмæ гæсгæ, æримисуни аккаг æй. Нæ нури цардарæзти уавæртæмæ гæсгæ ци берæ тухстдзийнæдтæ ’взарæн, уонæн бæргæ бухсæн, фал уæддæр бæлгæ ба кæнæн, кæдимайди ралæууидæ уæхæн рæстæг, кæци рохс цардирайи фæрци уодæнцойнæй исхайгин уодзинан…



Æма **ГОДЖИАТИ Еленæ**, Цæгат Иристони культури косгути профцæдеси республикон комитети сæрдар, куд нæ уа зæрдирай – еуемæй, аци бæнтти сæ профессионалон еугонди исарæзтбæл исæнхæст æй дæс æма æртинсæй анзи, кæцитæ намусгин æнцæ æгæрон арфиаг хуарздзийнæдтæй; иннемæй ба æрхæстæг æй 1 Май, фæллойнæгæнгути æхсæнадæмон æмуоддзийнади Бон, кæций мадзæлтти архайунмæ циренгæнæг дæр профцæдестæ ’нцæ. Еленæ ма зæрдирай æй уомæй дæр, æма аци дууæ цауи æнгом баст æнцæ кæрæдзей хæццæ сæ медесæй: адæми æмвæндæдзийнадæй еу кæнгæй сæ сæ бартæбæл æновудæй архайунмæ разæнгард кæнун. Уой фæдбæл Годжиати Еленæ æ гъудий зæгъуй, нæ газети абониккон номери 4-5-аг фæрстæбæл ин ци æрмæг мухур кæнæн, уоми.

## УÆЛАХЕЗИ БОНМÆ



### «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК» НÆ РАЦÆУДЗÆНÆЙ

***Нæ бæсти еугур дзиллити цæсти дæр хъæбæр ка исцитгин æй, еци номерæн мадзал «Æнæмæлгæ полк» комкоммæ рацуди хузи арæзт не ’рцæудзæнæй. Уой туххæй фегъосун кодта мадзали Центрон штаби æмсæрдар, Паддзахадон Думи депутат Еленæ Цунаева.***

Уой фæдбæл куд лæдæрун кæнунцæ, уотемæй регионтæ исараздзæнæнцæ Устур Фидибæстон тугъди кадæн æндæр мадзæлттæ. – Цалдæр регионеми полкки рацудæн тæссагдзийнæдти туххæй «нæ» загътонцæ, нæ истори еу æй æма уæд æндæр фадуæттæй испайда кæнæн, – загъта депутат.

Хецаудзийнади ’рдигæй бæрнон адæймæгутæ куд лæдæрун кæнунцæ, уотемæй регионтæ исараздзæнæнцæ Устур Фидибæстон тугъди архайгути кадæн æндæр мадзæлттæ. Ке бафæндæуа, уони бон бауодзæнæй, Устур Фидибæстон тугъди ка фæммард æй, уони къартæ хуæдтолгитæбæл, социалон хизти, дзаумæуттæбæл исæвæрун. Раздæр ма æхсæнадон æзмæлд «Уæлахези бархеуонтæ»-йи сæрдар **Ольгæ Занко** куд радзурдта, уотемæй уæрæсейæгтæн сæ бон æй зæрдæбæлдарæн фарсбæл сæ хеуæнтти къартæ исæвæрун.

### ÆРИМИСÆН СИН СÆ РОХС НÆМТТÆ

Нæ Цитгин Уæлахези бонмæ арæзт цæуй дзиллон номерæн мадзал «Сæ цæсгæнттæмæ син бакæсæ...».

Аци мадзали нисанеуæг æй – Дзæуæгигъæуи еугур рекламон уартитæбæл дæр 9 майи агъоммæ фæззиндзæнæнцæ Устур Фидибæстон тугъди архайгути агъазиау къартæ.

Мадзали архайун ке фæндуй, етæ сæ фæндæ гъæуама рагацау фегъосун кæнонцæ, кенæ Дзæуæгигъæуи Ватутини гъæунги 17-аг азгъунсти 311-аг косæнуатмæ 14 сахаттемæй 17 сахаттей уæнгæ бацæугæй, кенæ ба уордæмæ телефонæй бадзоргæй, телнфони номертæ æнцæ: 8(8672) 53-59-77.

***Дзæуæгигъæуи администраций пресс-службæ***


**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 344 СОМИ 52 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 305 СОМИ 64 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙЕГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

***Уæрæсей парламентарийи Бон бæрæггонд æрцудæй 27 апърели (нисангонд æрцудæй 2012 анзи 27 июни). Нæ республики Парламенти сæрдар ТУСКЪАТИ Таймораз уой фæдбæл æ арфи финстæги уотæ баханхæ кодта: «Цæгат Иристони закъонаразгутæн федар бастдзийнæдтæ ес æнхæстгæнæг хецаудзийнади еугур къабæзти***



# ЕУГУР ТУГЪДОНТÆН ДÆР – ÆМХУЗОН АГЪАЗ

Сæрмагонд æфсæддон операций фарстати фæдбæл косæг къуари сæргълæууæг, парти «Еугонд Уæрæсе»-й Генсовети нимæрдар **Андрей Турчакæн** æрæги ци фембæлд адтæй Уæрæсей Президент **Владимир Путини** хæццæ, уоми дзубанди цудæй сæрмагонд операций архайгутæн агъаз кæнуни уавæртæ исæмхузон кæнунбæл. Нуртæккæ еци гъуддаги ес еуцæйбæрцæдæр æнæрастдзийнæдтæ, уæлдайдæр ба æхцай фæрæзнитæ федуни гъуддаги. Кæд æма фæдздзурди бархеуон есуй 195 мин соми – карз тугъдтити æви фæскъилдуни ку архайа, уæддæр, – уæд контрактник ба феддонтæ есуй, айдагъдæр карз тугъдтити ку архайа, уæд. Зæгъæн, æфсæддон авиаций полк æй фронтмæ хæстæг региони, æнхæст кæнуй сæрмагонд операций ихæстæ, уотемæй ба полкки штаби хецауæн федунцæ, сæрмагонд операций сауæнгæ фæскъилдуни ка архайуй, уомæй дæр цалдæр хатти минкъийдæр. Уомæ гæсгæ растдæр уодзæнæй, конд ку ’рцæуа закъонæвæрунади бæлвурд куст æма æмхузонгонд æрцæуонцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгути еугурей уавæртæ дæр.

Æма Владимир Путин еци фæндæбæл исарази æй:

– Уæрæсей сæрбæлтау тохæнгарзи хæццæ ка тох кæнуй, уонæн сæ еугуремæн дæр исаразун гъæуй æмхузон уавæртæ. Махæн уæлдай нæй, адæймаг кæци къуармæ хаст цæуй, е. Сæйрагдæр æй, æ Райгурæн бæстæмæ ци зæрдихатт даруй, е. Æма гъуддаг гъæуама арæзт æрцæуа, тугъдон циуавæр æфсæддон хузи службæ кæнуй, æ бийнонтæ, æхуæдæг кæми, циуавæр региони цæрунцæ, уонæмæ нæ кæсгæй.

Косæг къуари иннæ фæндæ ’й, цæмæй сувæллæнттæн феддонтæ нисангæнгæй нимад ма цæуонцæ хуæрзеугутæ æма тугъдонти туххæй феддонтæ.

– Контрактниктæ æма бархеуонтæн еци феддонтæ нимад цæунцæ. Цæмæй растдæр уа, уой туххæй пайдатæ нимайгæй, уордигæй еуварсгонд æрцæуæд хуæрзеугутæ æма тугъдонти туххæй феддонтæ, – загъта Андрей Турчак.

Никки ма фæндæ бахаста, цæмæй тугъдонти отпуски æма сæ сæйги рæстæг нæуæггонд æрцæуа æнæмæнгæ медицинон фæдзæхстади полиси архайд. Е фадуат ратдзæнæй сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн граждайнаг медицинон уагдæнтти хе дзæбæх кæнунæн æма операцитæмæ минкъийдæр рæстæг æнгъæлмæ кæсунæн. Уомæй уæлдай ма косæг къуари разамонæг бахаста æфсæддон ипотеки ци гæрæнæвæрдтæ ес, уони райеуварс кæнуни фæндæ.

Кæронбæттæни Андрей Турчак ма фæндæ бахаста, цæмæй 1 июль нисангонд æрцæуа куд æфсæддон архайди ветеранти Бон.

ГЪУДДАГОН ФЕМБÆЛД

# РАВГИТÆЙ ГЪÆУАМА ХÆДЗАРДЗИНÆЙ ПАЙДАГОНД ЦÆУА



Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойæн** æрæги Уæрæсей Федераций Хецауади Сæрдар **Михаил Мишустини** хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми ин бæлвурдæй радзурдта, нæ республикæ сæрмагонд паддзахадон программитæ æма фиццаградон национ проектти куд архайуй, уæдта идарддæри социалон-экономикон райрæзти нисанеуæгæй идарддæр ци гъæуама арæзт æрцæуа, уой туххæй. Еци архайди сæйрагдæр æргом æздæхт цæуй æма идарддæр дæр цæудзæнæй, гъæууон хæдзаради, туризм æма транспорти къабæзти ци цæмæдесаг æма гъомусгин инвестицион проекттæ ес, уони цардмæ рауадзунмæ. Айдагъ еци проектти аргъ æй 64 миллиард сомей бæрцæ. Уони æма никки иннæ проекттæ æнхæст кæнунбæл нерæнгæ харзгонд æрцудæй 20 миллиард сомемæй фулдæр. Уой фæрци республики фæззиндтæй уæлæнхасæн æхсæзсæдей бæрцæ нæуæг косæн бунати. Арæзт æрцудæй аэропорт «Дзæуæгигъæу»-и нæуæг аэровагзали бæстихай, компани «Казачий хутор» бундор æрæвардта нæуæг рæзæдонæн (æ фæзуат – 800 гектари), идарддæр æмархайд цæуй тематикон фæлладуадзæн комплекс «Парк Аланистон» æма фусунат «Къæхтисæр»-бæл, инвестортæ бавналдтонцæ курорт «Мамисон»-и проектбæл косунмæ...

Идарддæр куст цæуй агро-туристон парк Мастер-Прайм. Березка» æма агрохолдинг «Аланистон-Æхсир»-и арæзтадæбæл. Гъаруæтти комплекс «Аланистон»-и арæзтадæ æма кæсалгдарæг хæдзарадæ «Сакъадах Аквакультурæ»-йи нæуæг инвестицион проект царди рауадзунæн лæвæрд æрцудæнцæ зæнхи хæйттæ, нуртæккæ специалисттæ косунцæ дууæ проектемæн дæр гъæугæ гæгъæдитæ бацæттæ кæнунбæл.

Сергей Меняйлой загъдмæ гæсгæ, федералон центр республикæн берæвæрсуг агъаз кæнуй сæрмагонд паддзахадон программитæ æма фиццаг кезуй национ проектти уагæвæрдтæ царди рауадзуни гъуддаги дæр. Уой туххæй, зæгъæн, 2022 анзи регионæн лæвæрд æрцудæй 28 миллиард сомемæй фулдæр.

Фæстаг рæстæг цалцæг æма фæлгонцгонд æрцудæнцæ 42 æхсæнадон фæлладуадзæн бунати æма берæфатерон цæрæн хæдзæртти 74 тургъи. Æртиндæс миллиард соми ба бюджет радех кодта экономики къабæзтæн агъази мадзæлттæн, социалон косæндæнтти техникон ефтонгадæн, адæми агъазгъæуагæ къуæрттæн пособитæ дæттунæн.

Уæхæн архайд æнхæстгонд цæудзæнæй аци анз дæр. Зæгъæн, 2023 анзи ахсгиаг социалон-экономикон объектти арæзтадæ æма цалцæгæн, уæдта республики царди иннæ вазуггин фарстатæ лух кæнунæн нисангонд цæуй 31 миллиард сомемæй фулдæр. Анзи пъланти бундорбæл гъæуама кæронмæ рахъæрта аллихузон 160 объектей арæзтадæ.

Республики устур æргом æздæхт цæуй æндæр федералон программитæ æма проектти æнхæстæй архайунмæ дæр. Зæгъæн, цæгатиристойнаг цæрæн бунæттæ архайдтонцæ федералон конкурс «Минкъий сахартæ æма историон цæрæнбунæттæ»-йи. Еци конкурси хуæздæр проектти номхигъдмæ бахастонцæ Мæздæги, Алагири, Æрæдони, Дигора æма Беслæни куридæдтæ. Уотемæй конкурси сæрмагонд грантти фæрци цалцæггонд цæунцæ æмунд сахарти æхсæнадон фæлладуадзæн бунæттæ. Нуртæккæ ба республики муниципалитеттæ гæгъæдитæ цæттæ кæнунцæ æмунд конкурси радон къæпхæни архайунмæ.

Дзубандий архайгутæ се ’ргом раздахтонцæ, уæлæнхасæн федералон бюджетон фæрæзнитæ ци фарстатæ ралух кæнунæн багъæуздзæнæй, уонæй еуцалдæремæ. Еци фарстати номхигъди: цæугæдæнтти билгæрæнттæ федардæр кæнуни куститæ, фæндагон инфраструктури объектти цалцæг, Мæздæги райони Центрон сæйгæдон арæндони хайади арæзтадæ, Республикон онкологон диспансери райарæзт æма уотæ идарддæр.

АХСГИАГ ФАРСТА



# КУСТГЪОН АДÆЙМАГÆН ГЪÆУАМА УА КУСТИ РАВГÆ

Нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис** ин разамунд лæвардта, уотемæй æрæги арæзт æрцудæй гæрæнти уавæрти Цæгат Иристони экономикон федар ирæзти оперативон штаби æмбурд.

Адæмæн куст дæттуни фарстати фæдбæл Комитети сæрдар **Плати Альбинæ** еци æмбурди куд радзурдта, уотемæй æнхæстгонд цæунцæ дууæ программи, етæ баст æнцæ адæмæн кусти бунæттæ амал кæнуни хæццæ. Аци анз уой фæрци райстонцæ 320 миллион соми. Хæрзтæн сæ фулдæр хай æй, æгуст адæмæн, ци феддонтæ фист цæуй, е. Уомæн радех кодтонцæ 170 миллион соми.

Æгустдзийнади æмвæзадæ республики ниллæг æй, мæйæмæ си фæууй 1200 вакансий. Комитети разамонæг куд фæббæрæг кодта, уотемæй нур цуппар анзей дæргъи национ проект «Демографи» æй граждæнтæн агъази зингæ фæрæзнæ. Æ фадуæттæй испайда кодтонцæ региони 2700 цæрæги. Федералон фæзуати ба сæ бон æй 210 ахурадон программемæй испайда кæнун.

Нерæнгæ бал 100 адæймаги бавналдтонцæ экскурсоводи, юридикон гъуддæгутæ аразуни, графикон дизайни, психолог-консультанти, æлхæнуйнæгти специалист æма æндæр дæсниæдтæбæл ахур кæнунмæ. Уомæй уæлдай ма комитет фадуæттæ аразуй уæлдæр æма астæуккаг ахургæнæндæнтти рауагъдонтæн, стажировкæ рацæунæн сæмæ æхцай фæрæзнитæй фæккæсунцæ. Аци анзи кæронмæ кустуæттæмæ рарветдзæнæнцæ 100 адæймагемæй фулдæр.

Фарæй фæстæмæ кустдæтгутæн сæ бон æй агъази мадзæлттæ райсун. Плати Альбинæ радзурдта еугуруæрæсеуон армукъай республикон къæпхæни туххæй, искодтонцæ ’й 14 апърели. Æ загъдмæ гæсгæ, 1400 кустагорæги базонгæ ’нцæ 89 кустдæттæгей фæндæнтти хæццæ. Куд ма загъта, уотемæй сæ бон бацæй 100 адæймаги кустдæтгутæмæ рарветун, идарддæр бадзубанди кæндзæнæнцæ лæмбунæгдæр.

Æ радзубандий Дзанай-фурт куд баханхæ кодта, уотемæй паддзахадон агъази мадзæлттæ фæллойни базарадон æмвæзади дзæбæх ахедунцæ:

– Гæрæнти фæсте фæллойни базарадæ уайтæккидæр фæккиудтæй, фал нур уавæр фæррæвдзæдæр æй, нæ архайд ибæл хуæрзæрдæмæ фæббæрæг æй. Фæллойни базаради ирæзтмæ идарддæр дæр гъæуама устур æргом æздахæн.

Республикон размæцуди проектти фæрци нæмæ фæззиндзæнæй кусти авд мин нæуæг бунатемæй фулдæр.

**Финддæс æма астинсæй анзей размæ (1848 анзи 1 майи) Владикавкази Навангинаг фестæг æфсæддон полкки байгон æй сæрмагонд скъола дæс æма дууинсæй æфсæддон гъомбæлкæнуйнагемæн (дæс æма инсæй си адтæнцæ уруссæгтæ, инсæй ба хуæнхæгтæ).**

*хæццæ дæр, нормативон бундортæ еумæ бæстон федар æма куст-гъон кæнæн, æма, нæ экономикон æма социалон къабæзти гæнæн-тæй æнхæстдæрæй пайда кæнгæй, уой хæццæ ба ма инвестицитæ нæ республикæмæ парахатдæрæй хъæртун кæнгæй, нин æнтæс-тдзæнæй, нæ бæлдтаг нисантæмæ баргъондæрæ цæгун...»*



# НÆ ЦАРДИ НÆУÆГÆЙ ЦИ ФÆЗЗИНДЗÆНÆЙ?..

***Аци анз апърелæй фæстæмæ æ хъаури бацудæнцæ, адæми царди хецæн къабæзти хæццæ баст нæуæгдзийнæдтæ. Циуавæр, – уобæл идарддæр æрдзубанди кæндзинан.***




## ПЕНСИТÆБÆЛ БАБÆЙ БАФТУЙДЗÆНÆЙ

Уæрæсей Хецауади унаффæй аци анз 1 апърелæй фæстæмæ пенсити феддонтæ гъæуама индексацигонд бабæй æрцæуонцæ. Фæффулдæр уодзæнæнцæ социалон пенситæ æма сувæллæнтти туххæй пособитæ.

Социалон пенситæ фæффулдæр уодзæнæнцæ 3,3 проценти, уотемæй сæ рæстæмбес бæрцæ исуодзæнæй 10 мини 193 соми. Социалон пенси фист цæуй:

– 1,2 æма 3-аг къуæртти инвалидтæн;

– сахъат сувæллæнттæн;

– 18 анзей уæнгæ седзæр сувæллæнттæн, кенæ ба, 23 анзи кæбæл нæма исæнхæст æй, уотемæй коммæ уагæй уæлдæр ахургæнæндони ка ахур кæнуй, уæхæн седзæртæн;

– сæ дарæг кæмæн нæбал æй, еци бийнонтæн;

– æ кусти æнзтæ берæ кæмæн нæ 'нцæ кенæ, æгириддæр ка некæд куста æма нур æ карæмæ гæсгæ пенсиесæг ка иссæй, уæхæн адæймæгутæн.

Фæффулдæр уодзæнæнцæ сæ социалон пенситæ федералон льготæй пайдагæнгутæн дæр. Етæ 'нцæ:

– Устур Фидибæстон тугъди ветерантæ, Ленинградi блокади ка адтæй, еци инвалидтæ;

– Чернобыли архайгутæ;

– е 'фсæддон службi рæстæг инвалид ка иссæй, еци æфсæддонтæ.

Уомæй уæлдай, бафиститæ фæффулдæр уодзæнæнцæ, æ пенсимæ уæлæнхасæн социалон уæлæфтауæн ка есуй, æфсæддон уæхæн пенсиесгутæн.



## СУВÆЛЛÆНТТИ ТУХХÆЙ ФЕДДОНТÆ

Æййивд æрцæуудзæнæй, 3-7-анздзуд сувæллæнттæн ци бафиститæ ес, етæ дæр.

Алли бæлвурд региони алли бийнойнагмæ дæр мæйæ ци рæстæмбес æфтуйагæ хауй, е региони фæццæруни тæккæ минкъийдæри бæрцæй дæр минкъийдæр ку уа, уæд уæхæн бийнонтæн, нурмæ син ци социалон агъаз адтæй, е 1,5 – 2 хатти фæффулдæр уодзæнæй.

Сувæллæнтти пособитæ нæуæгæй банимайуни туххæй курдиæдтæ бадæттун æнгъезуй 1 апърелæй фæстæмæ. Социалон агъаз фæффулдæр кæнуни барæ син куддæр исбæлвурд уа, уотæ январь, февраль æма мартъий мæйтæн райсдзæнæнцæ нæуæг хузи пособитæ.




## КОММУНАЛОН ХÆДЗАРАДИ ЛÆГГÆДТÆ

1 апърели фæсте фатерти хецæуттæн лæвæрд цæудзæнæнцæ коммуналон лæггæдтæн федуни нæуæг квитанцитæ. Уоми амунд уодзæнæнцæ еумæйагхæдзарон лæггæдтæн нæуæг феддонтæ.

Зæгъæн, фулдæр федун гъæудзæнæй лифти кустæн æма берæфатерон хæдзари еумæйаг электрон тухæн. Феддони бæрцæ аразгæ уодзæнæй, еци тухæй цæйбæрцæ æрцудæй харзгонд, уомæ гæсгæ. Берæфатерон хæдзари электрон тухи хæрзтæн нимайæнтæ æвæрд кæд ес, уæд федгæ уодзæнæй уони бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ. Уотемæй, фатерти хецæуттæ феддзæнæнцæ минкъийдæр. Нимайæнтæ кæд нæййес, уæдта федун гъæудзæнæй нормативтæмæ гæсгæ, уотемæй ба еумæйагхæдзарон электрон тухæн федун багъæудзæнæй фулдæр – анзмæ 2400 соми.

Коммуналон лæггæдтæн федуни хæццæ баст иннæ нæуæгдзийнæдтæ 'нцæ зæрдæмæдзæугæдæр: цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради лæггæдтæн федуни нихмæ 50 проценти субсиди дæттуни гъуддаг 1 апърелæй фæстæмæ иснæуæг уодзæнæй. Уорæд ба адтæй рæстæгмæ, 2020 анзæй, нæуæг коронавируси нез ке рапарахат æй, уой фудæй. Уотемæй, цубуркъох æма фæккæсуйнаг ка 'й, уæхæн бийнонтæн сæ коммуналон феддонтæн се 'мбес фæстæмæ æрветун нæуæгæй райдайдзæнæнцæ.



## НÆДТÆБÆЛ ЦÆУНИ ÆДАСДЗИЙНАДÆ

Фиццаг æййивддзийнадæ æ тухи бацудæй мæйи размæ: 1 мартъийæй фæстæмæ æййивддзийнæдтæ хаст æрцудæнцæ Нæдтæбæл цæуни уагæвæрдтæмæ.

Нæдтæбæл æвæрд рохснисантæбæл фæззиндзæнæй нæуæг рохс – уорс. Нади сæрти бацæуни бунати æвæрд рохс нисанæй æ уорс «цæстæ» ку иссодза, уæд е адæмæн дæтдзæнæй нади сæрти бацæуни барæ.

Иннæ нæуæгдзийнадæ: абони æригæнттæ хъæбæр бауарзтонцæ ерхæфсæн транспорти нæуæг хузæ – электросамокаттæ, гидроскутертæ, сигвейтæ æма æндæр уæхæнттæ. Æдасæй цæуæн ба сæбæл æгириддæр нæййес, уомæ гæсгæ багъудæй Нæдтæбæл цæуни уагæвæрдтæмæ уæлæнхасæнтæ хæссун. Еци уæлæнхасæнтæмæ хаунцæ: ерхæфсæн транспортбæл цæун цæйбæрцæбæл тагъд æнгъезуй, е (бæрæггæнæнæн еу сахатмæ 25 километри, тæккæ фулдæр), уæдта сæбæл цæунæн агъазгæнæг нæдтæбæл æвæрд амонæнтæ æма æндæртæ.

Уæлдæр ранимад транспортбæл адæймаг цæмæй цæуа, уой туххæй шофери æвдесæндар нæ гъæуй. Уагæвæрдтæмæ гæсгæ, 7-14-анздзуд сувæллонæн барæ ес, цæмæй сæбæл цæуа тротуарбæл, уæдта, фестæгæй кенæ велосипедæй цæун кæми æнгъезуй, уæхæн нæдтæбæл дæр. 7 анземæй кæстæр сувæллæнттæн ба уæлдæр амунд транспортон фæрæзнитæй цæун æнгъезуй, сæ хæццæ хестæр адæймаг ку уа, айдагъдæр уæд.



## ШОФЕР ИСУН КЕ ФÆНДУЙ...

Æййивддзийнæдтæ хаст æрцудæнцæ, шофери æвдесæндар райсуни туххæй фæлварæнтæ дæттуни гъуддагмæ дæр.

Исуйнаг шоферти багъæудзæнæй фулдæр зонундзийнæдтæ равдесун практикон æгъдауæй фæлварæн дæттуни рæстæг. Еци фæлварæн дæттунæн сахари медæгæ æвзурст цæудзæнæнцæ, хуæдтолгитæ минкъийдæр кæми цæуа, уæхæн нæдтæ. Фæлварæни рæстæг фæлварæ дæттæгæн хуæдтолги æ фарсмæ баддзæнæй паддзахадон автоинспекций косæг. Ахур æй ка кодта, еци инструкторæн дæр машини бадуни барæ уодзæнæй, æцæг – фæстаг бадæнбæл.



## ТУРИСТ ÆМА Æ ХÆРЗТÆ

Туристон балцæг балхæнуни фæндæ ка искæна, Уæрæсей еци гражданинæн æ хæрзти кæцидæр хай фæстæмæ раттуни туххæй программæ фæззиндтæй 2020 анзи, æма нур æнхæстгонд цæуй, еци программæн е 'ртиккаг хай.

Нæ бæсти алæмæти бунæттæ фæууинун фæндæ ка искæна, етæ сæ хæрзти 20 проценти фæстæмæ райсдзæнæнцæ. Æцæг – балцæг 20 мин сомемæй хъазардæр ку нæ уа, уæд. Уæдта ма еци æууæл – балцæгæн федгæ 'й «Мир», зæгъгæ, еци банки картæй.

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Астæуккаг æности аллихузон хæзнатæй æма æхцайæй рæбунтæ идзаг кæнун тæрегъæдбæл нимад адтæй. Æма уæдиккон гъæздугутæй беретæ еци тæрегъæдæй сæхе искæдзос кæнуни уоххайæй сæ мулкитæ байуариуонцæ мæгуртæн.

Еци бонгинтæй еу адтæй Пьеро. Е уодибæстæ искæнуни æма кæдзосзæрдæй байзайуни тухxæй æ еугур ес-бестæ дæр байурста, маниммæлай къæбæрæй ка цардæй, уонæн. Уой фæсте ба сауæнгæ æхе дæр ма рауæйæ кодта, æма, ци 'хца райста, уони дæр равардта мæгуртæн.

* * *

*Аци хабар æцæгæй ку нæ адтайдæ, уæд ни, æвæдзи, нæ баруагæс адтайдæ – уæлдайдæр ба абони бонгинтæмæ кæсгæй. Сæ агъазиауæй-агъазиаудæр мулкитæй си æгириддæр неци ададзуй, хъæбæр зин уавæрти ка цæруй, уонæн уæддæр еуцæйбæрцæдæр фæййагъаз кæнун. Æгирид неци, уæддæр мæнæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнити алли бон дæр сæ сæйгæ сабийти уæззау незтæй фæййервæзуни туххæй нæмæ фæрæзнитæй фæккæсетæ, зæгъгæ, зæрдхъурмæй ка коруй, уонæн фæййагъаз кæнунæй ихæсгин æнцæ. Уомæн æма еци бонгинтæн сæ фулдæр тæрегъæдгин æнцæ – сæ еци æгæрон мулкитæбæл фæххуæст æнцæ æдзæсгон миути фæрци, зæгъун æнгъезуй, хумæтæг фæллойнæгæнæг адæми цъухæй сæ исластонцæ æма гъе уони фудæй рæстзæрдæ дзиллæ гъезæмæрттæ 'взарунцæ. Еци æдзæсгæнттæ уой сæхуæдтæ дæр куд нæ лæдæрунцæ, фал си фæсмон кæнгæ ба неке уинæн. Мадта Пьерой хузæн дæр си æхе неке рауæйæ кæндзæнæй. Е нæ, фал сæ фудмиутæ сæбæл, уа нæ уа, уæддæр ке 'ртæфсдзæнæнцæ æма сæ дзуапп дæттун ке багъæудзæнæй, уой лæдæргæй, сæ мулкитæ фæсарæнти, сауæнгæ Уæрæсей нихмæ фудмиутæ ка кæнуй, еци паддзахæдти римæхсунцæ, сæ бийнонти уордæмæ 'рветунцæ, фæстæдæр ба сæхуæдтæ дæр уордæмæ фæттиллеф кæндзæнæнцæ.*



**Антуан де Сент-Экзюпери (1900-1944), французаг тæхæг, финсæг: «Адæймаг – хæзнати хæзна, уобæл гъæуй ауодун, е æй гъæуай кæнуйнаг æма боц даруйнаг…»**

* * *

Аци зундгин загъд, махмæ гæсгæ, зундгонд æй, гъуддаг кæмæй аразгæ 'й, уонæн дæр. Уомæн æма уой фæдбæл дессаги рæсугъд дзубандитæ еудадзуг бæргæ кæнунцæ, уæлдайдæр ба æвзурстити рæстæг, аразгæ ба уадессагæй неци кæнунцæ… Уомæ гæсгæ нæмæ адæймаг уоййасæбæл нимади дæр нæбал æй…



**Хендерсон Флетчер (1897-1952), америкаг пианист: «Царди уавæртæ фæххуæздæр кæнетæ, æма адæм дæр фæххуæздæр уодзæнæнцæ, архайдзæнæнцæ уавæрти аккаг унбæл…»**

* * *

Бæргæ, бæргæ… Фал… Гъуддæгутæ хузæнонæй райаразунæй комкоммæ ихæсгин ка 'й, етæ сæ айдагъдæр сæхе хуарзæн аразунцæ, адæми уавæртæ фæххуæздæр кæнунмæ ба сæ уоййасæбæл нæбал райевдæлуй…



**Фридрих Ницше (1844-1900), немуцаг философ : «Цард æй цийни сауæдонæ, фал æ ахсæнæй ка гъæрзуй, уомæн еугур сауæдæнттæ дæр хæрайнаг æнцæ…»**

* * *

Еци цийни сауæдони донæй нуриккон Уæрæсей æгæр æфсесæй дæр ма ци ефстæгтæ ниуазунцæ, уони губунтæ ба уоййасæбæл æнæсахъат æнцæ, æма син неци кæнуй. Уæд мах ахсæнтæн ба цæмæннæ гъæуама ниттайа?..

**Фиццаг ирон мухургонд киунугæ («Краткий катехизис») дуйней рохс фæууидта 1798 анзи ханси мæйи. Е адтæй ковуни киунугæ ирон æвзагмæ тæлмацгондæй.**

***Станислав ГОВОРУХИН (1936-2018), кинорежиссер, æхсæнадон архайæг: «Мæнмæ гæсгæ, не ’хсæнадæ нæ лæдæруй, культурæн æ ахедæн хъæбæр агъазиау æй, уой. Культурæ гъæуама экономики разæй æвæрд уайдæ. Адæми интеллектуалон æма уодварни æмвæзадæ нæмæ бустæги ниллæг рауæнмæ ’рхаудтæй, æма гъæуама еугуремæй***




**Республики культури косгути профцæдес сæрустур æй уомæй, æма сæ къабази алли рæстæгути дæр берæ кадгин æма намусгин адæм адтæй æма нур дæр ес. Уонæй аци къари уинетæ цалдæрей (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) Цæгат Иристони культури профцæдеси республикон Комитети бæрнон косæг БИТАРТИ Ольгæ, рескоми сæрдар ГОДЖИАТИ Еленæ, рескоми раздæри сæрдар ÆГАТИ Светланæ, фæсевæди республикон Галауани профкоми сæрдар ХУДИАТИ Альбинæ, Дзæуæгигъæуи киунугæдæнтти сæйраг системи профкоми сæрдар ПЛИТИ Фатимæ, профцæдесон архайæг, Национ наукон кирунугæдони косæг БИГЪАТИ Ольгæ.**

# АДÆМИ ХÆЦЦÆ РÆСТДЗИЙНАДÆ КА ХÆССУЙ, АДÆМ УОЙ ЦÆРА КÆНУНЦÆ!..

***Дуйней исконд уотæ ’й, æма си алцæмæн дæр ес бундорæвæрæг райдайæн. Уотæ ’й нæ бæсти профцæдесон æзмæлди хабар дæр – сæ фæззиндбæл кæд æносæй фулдæр цæуй, уæддæр æй бæлвурдæй уинæн: аци дзиллон фæззиндæн евгъуд идард рæстæгути уæрæсейаг æхсæнади хумгæнди ци талатæ сагъд æрцудæй, етæ исирæзтæнцæ рæзæхæссæг къабазгин бæлæстæй – етæ ба ’нцæ, абони нæмæ Уæрæсей ци берæ аллихузон профессионалон цæдестæ архайуй, етæ.***

***Абони сæ еугурей кой нæ кæндзинан, нæ дзубанди æй культури косгути профессионалон цæдеси туххæй, уой дæр уомæ гæсгæ, æма Уæрæсей аци дзиллон æзмæлди исарæзтбæл, ку загътан, апърели исæнхæст æй дæс æма æртинсæй анзи. Аци цитгин бæрæгбон, уæдта уой хæццæ баст цаутæ æма хабæртти фæдбæл æй æ дзубанди Цæгат Иристони культури косгути профессионалон цæдеси республикон Комитети сæрдар ГОДЖИАТИ Елени дзубанди:***

### КОСÆГ ДЗИЛЛÆ СÆХЕМÆ ÆРИГЪОСУН КОДТОНЦÆ

– Культури косгути профессионалон цæдеси анзфинст райдæдта XX æноси хуæдразмæ, XIX æноси кæрони. Уæд фæллойнæгæнгути фиццаг æхсæнадон еугæндтæ багъавтонцæ полиграфистти, музыкантти, актерти, исфæлдистадон интеллигенций æндæр минæвæртти экономикон бартæбæл исдзорун.

Нæ профессионалон цæдеси бундорæвæргутæ ба, зæгъун æнгъезуй, иссæнцæ мухури гъуддаги косгутæ. Мухургæнгути дзиллон кустуорæд райдæдта 1903 анзи, архайдтонцæ си æртæ æма æртинсæй типографей æхсæз мин косæги. Разамунд ин лæвардта «Фæллойни уавæртæ фæххуæздæр кæнуни туххæй мæскуйаг типографити косгути Цæдес». Кустуорæди архайгути домæнтæ уæд фегъустонцæ, игъосгæ кæмæн адтæй, етæ, барæ-æнæбари дæр сæ хæццæ исарази ’нцæ, уæдта сæ æнхæст дæр искодтонцæ.

Закъони ’рдигæй баргин ка адтæй, мухургæнгути уæхæн профессионалон цæдес æ куст райдæдта 1905 анзи, уой хæццæ ба ма анзи кæронмæ уæхæн еугæндтæ фæззиндтæй берæ сахарти дæр. Зин уавæрти цудæй сæ куст, хецаудзийнадæ æма кустдæтгути ’рдигæй берæ гъезæмæрттæ æвзурстонцæ – фæллойнæгæнгути социалон-экономикон барти сæрбæл дзорун æнцон некæд адтæй. Профессионалон цæдести разамонгути ниййахæссиуонцæ, цæдести куст аллихузон хъоргæнæн миутæй къулумпи кодтонцæ, фал уæддæр тох цудæй алкæддæр. Уомæн æма профессионалон еугæндтæ адтæнцæ тухгин, ахургонд, ацъагъуæгин æма адæми ’хсæн цитгин. Уомæ гæсгæ ба сæ куст æнхæст кодтонцæ æнтæстгинæй – фæллойнадон буцæутæ хузæнон кодтонцæ, æгуст адæми сæрбæл дзурдтонцæ, культуронрохситауæн куст кодтонцæ.

Аййевади косгути профессионалон æзмæлд фæстæдæр райдæдта. 1904 анзи Петербурги, Мæскуй, Одесси фæззиндтæнцæ оркестрти музыкантти фиццаг еугæндтæ. Раст зæгъгæй, етæ нæ адтæнцæ профессионалон цæдес æцæгæй цæхуæн гъæуама уа, уæхæн. Еци еугæндтæ сæ архайди медесмæ гæсгæ адтæнцæ кæрæдземæн агъаз кæнуни æхсæнæдти хузæн – кæцитæ лæвардтонцæ æфстæуттæ æма пособитæ, агъаз кодтонцæ куст иссеруни гъуддаги, фæккæсиуонцæ юридикон æма медицинон агъаздзийнадæй. Фæстæдæр фæззиндтæнцæ актерти, цирки артистти, хузæгæнгути, киной косгути цæдестæ. Етæ адтæнцæ минкъий хецæн еугæндтæ, сæ кæрæдзей хæццæ син неци бастдзийнадæ адтæй.

### СÆ КУСТ АРАЗТОНЦÆ РÆСТÆГУТИ ДОМÆНТÆМÆ ГÆСГÆ

Аййевади косгути организацитæ байеу æнцæ айдагъдæр 1919 анзи 5 феврали мæскуйаг аййевадон цæдести еумæйаг конференций, кæций делегаттæ рахастонцæ унаффæ аййевæдти косгути Еугуруæрæсеуон профессионалон цæдес (Всерабис) æма рæстæгмæ равзурст правленийæн барæ раттун Еугуруæрæсеуон съезд исаразуни туххæй.

Æма алцæмæйдæр æгудзæг 1919 анзи рацудæй Рабиси фиццаг съезд. Уой унаффити сæ размæ сæхецæн ихæсæн исæвардтонцæ æновудæй байархайун уæди рæстæгути уæлдай ахсгиаг гъуддæгутæбæл: æнахургонддзийнадæ еуварс кæнун, æцæг нæуæг æма райдзаст аййевадæ аразун… Æркастæнцæ ма уæди рæстæги сагъæссаг фарстатæмæ дæр: фæллойни базарадæ, еумæйаг фæлладуадзæни бон искæнун, еугонд тарифтæ...

Æнæнгъæлти исæвзурæг уавæртæ æвзаруни туххæй искодтонцæ аййевадон Совет, уой иуонгтæ иссæнцæ Константин Станиславский, Владимир Немирович-Данченко, Федор Шаляпин æма уæди рæстæги нæ бæсти аййевади æндæр зундгонддæр архайгутæ.

Уæд исфедар кодтонцæ аййевади косгутæн еумæйаг фæлладуадзæн бон – авдисæр.

### ТЕРКАГ ПРОФЦÆДЕСТÆ ДÆР ÆВДИСТОНЦÆ ЛÆГДЗИЙНАДÆ

Терскаг облæсти профессионалон æзмæлд фæббæрæг æй XX æноси райдайæни. Феврали революций фæсте фиццаг бæнтти косæг кълас бавналдта дзиллон профессион организацитæ æма фабрикити-заводти комитеттæ аразунмæ, кæцитæ гъæуама тох кодтайуонцæ фæллойнæгæнгути барти сæрбæл, косæг къласи уавæр фæххуæздæр кæнунбæл.

Облæсти рауæнти сæ куст кодтонцæ аллихузон къабæзти æхсæрдæс профессионалон цæдеси, сæ хæццæ мухургæнгути æма аййевади косгути профцæдес, уотемæй. Уонæн разамунд ба лæвардта профцæдести Дзæуæгигъæуи Совет.

Дзæуæгигъæуи 1920 анзи 28 июли арæзт æрцудæй профессионалон цæдести фиццаг конференци, архайдтонцæ си цуппаринсæй минæвари аллихузон цæдестæй. Уæд фæззиндтæй Терскаг облæсти профессионалон цæдести рæстæгмæ совет.

Аййевæдти косгути Еугуруæрæсеуон цæдеси Дзæуæгигъæуккаг хайадæн разамунд лæвардта Красовский (гъулæггагæн, æ ном архивти нæ байзадæй), фæстæдæр æй раййивтонцæ Мæскумæ æма уоми куста Рабиси Центрон комитети. Терскаг облæсти профессионалон цæдеси уæд адтæй 487 иуонги. Цæдесæн æ кусти сæйраг бунат ахæстонцæ кустади райарæзти æма разамунди, тарифти политики, æгустадæн искæрон кæнуни, æнахургонддзийнадæ искунæг кæнуни, хуаллаги къурцдзæвæнæй рахезуни æма æндæр сагъæссаг фарстатæ.

Рабиси Дзæуæгигъæуккаг хайадæмæ 1925 анзмæ хаст æрцудæнцæ сахари театри, киной, музыкалон техникуми, фестæгæфсæддон 17-аг скъолай æма 84-аг æхсæг полкки оркестр. Фæстæдæр имæ бацудæнцæ Пролетарон полкки симфонион оркестри музыканттæ æма цирки службæгæнгутæ. Уæдæй ци гæгъæдитæ



***ахсгиагдæр гъуддагбæл нимайун райдайæн нæ ахурадон æма гъомбæладон куст, цæмæй адæми хуæрзæгъдауи æма уодварни надмæ раздахæн. Мах ба (æз хецауадæй зæгъун) культури кой уæлæнгæйтти ракæнæн – доклади кенæ радзубандий кæрони, мадта ин ци æхцай мортæ радех кæнунцæ, етæ дæр æнцæ нецитæ æма мацитæ...»***



байзадæй, уонæмæ гæсгæ кусти сæйрагдæр медес адтæй фæллойнæгæнгути бартæ гъæуай кæнун. Каст цудæй материалон æгъдауæй агъаз кæнунмæ, коллективон бадзурдтæ аразунмæ, дзæхæратæн зæнхи хæйттæ дæттунмæ. Устур æргом æздахтонцæ профессионалон ахурмæ, дæсниадæ райсунмæ, культурон-дзиллон кустмæ, кусти уавæрти хуæзæнондзийнадæмæ, фæллойнадон æгъдауи æма æндæр фарстатæмæ. Еузагъдæй, Дзæуæгигъæуи аййевæдти косгути профессион цæдеси правлений косгутæ бæрцæй кæд уоййасæбæл берæ нæ адтæнцæ, уæддæр сæ архайд ба берæ арфиаг гъуддæгутæй бæрæг дардта.

## ÆНОВУДÆЙ АДТÆЙ СÆ АРХАЙД ФИДИБÆСТИ СÆРБÆЛТАУ

Уæди рæстæги райдæдта Сурх Æфсади хæццæ тугъдон-æмцегадон куст, æма еци хъæппæреси ахедундзийнадæ цæйбæрцæбæл агъазиау адтæй, уомæн ирд æвдесæн æй е дæр, æма еци куст уæлдай парахаттæй æнхæстгонд цудæй Устур Фидибæстон тугъди рæстæг дæр, уæдта нæ нидæн кодта сауæнгæ Советон Цæдеси фехæлди уæнгæ дæр.

Профцæдести архайд советон цардарæзти кæд зингæ бунат ахæста, сæ гъæугæдзийнадæ кæд æма бæлвурдæй-бæлвурддæр адтæй, уæддæр син фудмиутæ дæр кедæр нæлæдæрундзийнадæ кенæ фудзундзийнади бæлахæй минкъий арзæт нæ цудæй. Зæгъæн, евгъуд æноси 30-аг æнзти профессионалон цæдестæ дехтæгонд æма минкъий къуæрттæгонд æрцудæнцæ, уой фудæй сæ организацион исконд фехалдæй, адæми фæнди бундорбæл æвзурст арæхстгин косгутæ æйийвд цудæнцæ «уæллæй» нисангонд адæймæгутæй.

Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Цæгат Иристони профцæдестæ дæр сæ зингæ хай бахастонцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ ниддæрæн кæнуни гъуддагмæ, уодуæлдайæй архайдтонцæ нæ Цитгин Уæлахези сæрбæлтау: сæ хъæппæресæй арæзт цудæнцæ хебарæ дружинитæ, кустуæттæ цæттæ кодтонцæ æдас рауæнтæмæ раййевунмæ, фронти знæгти нихмæ тохгæнгути бийнонтæн агъаз кодтонцæ. Фæстугъд дæр гъе уотæ хъæппæресгинæй архайдтонцæ еугур паддзахадон гъуддæгути дæр.

## РÆСТМÆ ГЪУДДÆГУТÆ АРАЗУНГЪОН ÆНЦÆ, РÆСТЗÆРДÆЙ КА АРХАЙУЙ, ЕТÆ

Алли рæстæгути нæ цæдесæн разамунд лæвардтонцæ, адæми 'хсæн кадæ кæмæн адтæй, дзиллити хæццæ рæстуодæй æма зæрдиагæй архайунмæ ка арæхстæй, уæхæн адæймæгутæ. Зæгъæн, æ Президиуми иуонгтæ адтæнцæ Уæрæсей Федераций адæмон артисткæ, номдзуд режиссер Бритъиати Зариффæ, Цæгат Иристони АССР-и адæмон артисткæ Икъати Серафимæ… Ирон театри бунæттон комитетæн берæ æнзти дæргъи разамунд лæвардта Уæрæсей Федераций æскъуæлхт артист Баллати Валоди, æмбаладæ «Хузæгæнæг»-и бунæттон комитети разамонæг ба адтæй Уæрæсей Федераций æскъуæлхт хузæгæнæг Павел Зарон. Аййевади профессионалон цæдеси иуонгтæ адтæнцæ аййевади алли къабæзти зундгонд архайгутæ.

Рæстæг цæуй, æма æййивддзийнæдтæ хæссун багъæуй æзинæ дæр хуарз ка адтæй, уæхæн гъуддæгутæмæ дæр. Цæгат Иристони мухургæнгути æма аййевæдти косгути профцæдестæ уой сæхебæл дæр бавзурстонцæ, балæдæрдтæнцæ 'й, цæмæй сæ идарддæри архайд æнтæстгиндæрæй цæуа, уой туххæй гъæуй бундорон æййивддзийнæдтæ, фиццагидæр ба – сæ равгитæ æма гæнæнтæ байеу кæнун. Æма цæмæй еци гъуддаг арæзт æрцудайдæ, уомæн ба хуарз «æсхуайæн» фæцæй, профессионалон цæдести Еугурцæдесон централон совети (ВЦСПС-и) бахаст фæндæмæ гæсгæ 1953 анзи 14 апърели арæзт æрцудæй аййевæдти, политикон-рохситауæн, полиграфион кустади æма мухури, уæлдæр скъолай æма наукон косæндæнтти профцæдести еугонд пленум. Уотемæй арæзт æрцудæй нæ бæсти культури косгути профцæдес.

Еци анзи майи ба ВЦСПС æма культури косгути Центрон комитети унаффæй Цæгат Иристони дæр арæзт æрцудæй культури косгути еугонд профессионалон цæдес. Алли æнзти ин разамунд лæвардтонцæ М.Свешникова, З. Анисимова, Хутъинати Тамарæ, 1983 анзæй 2020 анзи уæнгæ ба ин разамунд лæвардта Æгайти Светланæ. Районти æма райдайæн организацити разамонгутæ 'нцæ номдзуд, зундгонд, алкæмæн дæр уарзон адæймæгутæ. Алкедæр си алкæддæр цæттæ 'й фæллойнæгæнгути сæрбæл исдзорунмæ, сæ бартæ син багъæуай кæнунбæл æновудæй байархайунмæ.

Фæстугъд фæззиндтæнцæ кустади разамунд дæттуни гъуддаги нæуæг мадзæлттæ: кустадон æмбурдтæ, хæдзарадон архайди нæуæг хузтæй пайда кæнун, социалистон ерис аразун, фæллойни уавæртæмæ, базаради æма æхсæнадон хуæлцадæмæ æхсæнадон цæстдард, санаторон-куроргон лæггæдтæ, сувæллæнтти æнæнездзийнадæ гъæуайкæнунади мадзæлттæ, гъæугæ кадавар товартæ иуарун æма æндæртæ.

## БЕРÆ ИХÆСТÆ БЕРÆ КУСТÆЙ ИХÆСГИН КÆНУНЦÆ

Уæдмæ, евгъуд æноси 90-аг æнзти æнай-æнойти нæ цардарæзт цæхгæр иннердæмæ низзилдæй, никкуддæртæ 'й, кæрæйкæронмæ никъкъулумпитæ 'нцæ культури косгути социалон-экономикон уавæртæ… Уомæ гæсгæ ба фæллойнæгæнгути сæрбæл дзорунæн профцæдести кусти багъудæй нæуæг мадзæлттæ исамал кæнун æма си æнхæстæй испайда кæнун.

Тæккæ сагъæссагдæр фарста иссæй мизд, феддонтæ, пенси, стипенди афойнадæбæл райсун. Профцæдести багъудæй закъонаразгути, хецауади, алли æмвæзади депутатти хæццæ дзубанди кæнун, кæмæй си ци аразгæ адтæй, уой фæдбæл сæ рази домæнтæ æвæрун. Багъудæй дзиллон мадзæлттæ аразун… Зин адтæй, фал уæддæр берæ гъæугæдзийнæдтæ арæзт æрцудæй, уавæр сабургай хузæнон кæнун райдæдта.

Нуртæккæ культури косгути республикон профцæдеси еугонд æнцæ фараст районей æхсæрдæс æма фондзинсæй райдайæн организаций, кæцитими ес 4800 адæймаги: артисттæ, музыканттæ, хузæгæнгутæ, финсгутæ, клубтæ æма культури Хæдзæртти, музейти, киунугæдæнтти косгути, дзиллон хабархæссæг фæрæзнити, спорти, культури къабази косæг æхсæнадон æма фæсевæдон организацити минæвæрттæ, уонæй 750 æнцæ культури, полиграфий, аййевади астæуккаг профессионалон техникон ахургæнæндæнтти ахурдзаутæ.

Абони дæр профцæдестæ уæлдай хъæбæрдæр ци фарстати фæдбæл архайунцæ, уонæн сæ сæйрагдæртæй еу æй, косæг адæмæн сæ фæллойни туххæй аккаг мизд федуни гъуддаг исаразун. Е нуртæккæ уоййасæбæл минкъий æй, æма адæми хъæбæр тухсун кæнуй, лæгъузæрдæмæ зиннуй не 'хсæнади медæгæ социалон хелæдæрундзийнади уавæрбæл. Никки ма архайд цæуй социалон æмгустади системæ рæвдзæдæр кæнунбæл, бартæ гъæуайкæнуйнади архайд тухгиндæр кæнунбæл, фæллойни уавæртæмæ цæстæ дарунбæл, фæллойни уавæртæ хуæздæртæй æййевунбæл, æгустдзийнадæ кунæгдæр кæнунбæл, федералон æмвæзади бюджетон къабази косгутæн мизди бæрцæ исхузæнон кæнунбæл.

Фæллойнæгæнгути социалон-фæллойнадон бартæ цæмæй æнæгъæнæйдæр гъæуайгонд цæуонцæ, уой туххæй культури косгути профцæдести республикон организаци уæлдай æргом æздахуй коллективон-бадзурдон компаний ирæзтмæ. Фæстаг æнзти фæййахедгæдæр æй кустдæтгути, хецауадон къабæзти æма профцæдести 'хсæн æмгустадæ. Культури къабази æнхæстгонд цæунцæ аразий æвддæс бадзурди. Уой хæццæ ба культури косгути профцæдесæн æртæ хецауадон ведомстви – культури Министради, мухури æма дзиллон хабархæссæг фæрæзнити гъуддæгути фæдбæл Комитети æма культурон бунтæ гъæуай кæнуни æма си пайда кæнуни Комитети – хæццæ ес федаргонд бадзурдтæ.

Профцæдеси иуонгтæ æма сæ бийнонтæн нæ гæнæнтæмæ гæсгæ аразæн равгитæ санаторити, курортти æма æндæр уæхæн рауæнти се 'нæнездзийнадæ фæдздзæбæхдæр кæнунæн. Профцæдести иуонгтæ нæмæ 2021-2022 æнзти æрбалæвардтонцæ 180 курдиади, барадон агъаз райстонцæ 665 адæймаги, рескоми разамонæг æма бæрнон косгутæ фембалдæнцæ 250 адæймагей хæццæ. Барадæгъæуайкæнуйнади кусти экономикон ахедундзийнадæ æхцайæй баргæй рауадæй 1350,7 мин соми, уæлбарæ санаторон-курортон дзæбæхкæнуйнадæ райстонцæ нæ профцæдеси сæдæ иуонги æма сæ бийнонтæ.

Уæлдай еудадзугон æргом нæ профцæдес æздахуй, фæллойни æдасдзийнадæ гъæуайкæнуйнади, косæн бунæтти аттестаций гъуддаги фæдбæл закъонти домæнтæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ. Еци фарстатæ сæйраг бунæттæ ахæссунцæ коллективон бадзурдтæ æма аразий гæгъæдити.

Райдайæн профессионалон организацитæ архайунцæ профцæдести Центрон Комитети фæрци конд аллихузон Еугуруæрæсеуон конкурсти. Фæстаг рæстæги дууæ организаций иссæнцæ уæлахездзаутæ. Дзæуæгигъæуи, П.И. Чайковскийи номбæл музыкалон скъола банимадтонцæ хуæздæр ахургæнæндонæбæл, бæхти театр «Нарты»-йи профцæдести сæрдар Махъоти Тамарæ ба райста «Профцæдести сæрустурдзийнадæ»-йи конкурси Гран-при.

## «НÆ АРХАЙДИ СÆЙРАГДÆР НИСАН – ЦÆМÆЙ АДÆМ РОХСЗÆРДÆ УОНЦÆ...»

Берæ арфиаг гъуддæгутæ исаразун бантæстæй нæ профцæдесæн, фал, уомæй сæрустур угæй, уой дæр лæдæрæн æма нæмæ æнгъæлмæ ке кæсунцæ никки агъазиаудæр нисантæ, кæцити фæдбæл нæ гъæуй никки æновуддæрæй æма æнтæстгиндæрæй архайун. Нæ республики равналæнтæ урух æнцæ, профцæдести нисанеуæг æма кадæ гъæуама нуриккон уавæрти никки бæрзонддæр кæнæн. Нуртæккæ еугур коллективтæ дæр гъæуама æнгом, æмзæрдæ-æмвæндæ уонцæ, лæдæронцæ сæ еудзийнади рахуæцæнтæ. Нæ профцæдеси устурдæр хæзна адæм æнцæ. Етæ алли хатт дæр арфиагæй равдесунцæ сæ зундирахаст, хуæдбарæдзийнадæ, рæстдзийнади сæрбæлтау тохмæ цæттæдзийнадæ, еумæйаг гъуддагбæл æновуддзийнадæ.

Профцæдестæ раздæри хузæн æнцæ архайæг адæми æнæмæнгæ гъæугæ гъуддæгутæ исаразунбæл – цæмæй косæг адæймагæн фист цæуа аккаг мизд, цæмæй ин уа, æ цардæй зæрдрохс ке фæрци уодзæнæй, уæхæн равгитæ, цæмæй æ кæстæртæн уа сæ карнæ сæ зæрди фæндон аразунæн æма æнтæстгин унæн, цæмæй… Уогæ еци «цæмæйтæ» абони æгæр берæ 'нцæ, æма сæ еугурей ранимайунæн нуртæккæ фадуат нæййес, уомæ гæсгæ цубурæй зæгъдзæнæн: нæ архайди сæйрагдæр нисан е æй, æма нæ адæм зæрдирай куд уонцæ, фарни еугур хуарздзийнæдтæй дæр хайгин угæй, сæ цардæй боз куд уонцæ!..

## ХАТДЗÆГТÆ ÆМА ИСОНИБОНМÆ НИСАНТÆ



**Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло æрæги æ Нистауæн-доклади баханхæ кодта:**

– Монон æма культурон цардиуаги гъомусадæ – æнæ уомæй нæ размæцуд æнтæстгин нецихузи уодзæнæй. Махæн уони фарнæй ци дессаги бунтæ байзадæй, уони гъæуама айдагъ гъæуай ма кæнæн, фал архайæн сæ фæффулдæр кæнунбæл.

Зингæ ахедундзийнадæ кæмæн ес, уæхæн цаутæй нæ республики культури къабазæ гъæздуг æй. Бæрзонд æмвæзадæбæл рацудæнцæ Аланистонбæл исаргъуди 1100 анзей кадæн мадзæлттæ. Цалцæггонд æрцудæнцæ Нарigъæуи Хетæгкати Къостай хæдзарæ-музей, Зруги аргъауæн, дорæй дзиуарæ «Зулун цирт». Дзæуæгигъæуи æма республики районти цалцæггæнæн куститæ бакодтонцæ цуппар аргъауæнеми.

Нæхе цæттæ кæнун райдæдтан Цæгат Иристони автономий 100 анзей бæрæгбонмæ. Е федаргонд æрцудæй Уæрæсей Президенти Указæй æма бæрæггонд цæудзæнæй иннæ анз.

Фарæ исцалцæг кодтан Паддзахадон академион ансамбль «Алан»-и азгъунст. Устур ахсгиаг проектбæл нимайæн дуйнеуон культурон-патриотон центр «Беслæн. 1-аг скъола»-йи арæзтадæ. Райарæзтгонд æрцудæнцæ федералон æма регионалон нисанеуæги 7 культурон объекти.

Агъазиау куститæ нæмæ æнгъæлмæ кæсуй аци анз дæр. Техникон ефтонгдзийнади мадзæлттæй æнхæстгонд æрцæудзæнæй Туйгъанти Махарбеги номбæл музей, райараздзæнæнцæ Алагири культури Хæдзарæ «Фæскомцæдесон», Беслæни нисангонд цæуй фæсевæди Галауан, сувæллæнтти исфæлдистадон Хæдзарæ æма музыкалон скъолай арæзтадæ.

Гъæугæ гъуддагбæл нимайæн, цæмæй Цæгат Иристон берæвæрсугæй архайа национ проект «Культурæ»-йи, æнхæстæй пайдагонд цæуа уой равгитæ æма фадуæттæй..

***ХЪЕСАТИ Валоди: «Нæ маддæлон æвзагбæл финсæг журналистти нимæдзæ анзæй-анзмæ фулдæр нæ кæнуй, фал минкъийдæр. Æма еци журналисттæн ами, нæхемæ, Иристони гъæуама уайдæ цидæр уæлдай бартæ, уæлдай хуæздæр, сæрмагонд цæстингас, сæ мизд дæр иннæ журналистти миздæй гъæуама зингæ фулдæр уайдæ,***



**Газет «Рæстдзинад»-и коллектив сæ фæлладуадзæн рæстæги ахид рабалци кæниуонцæ Иристони зæрдæбæлдарæн бунæттæбæл. Уомити фембæлиуонцæ сæ газеткæсгути хæццæ, зæрдиагæй фæдздзубанди кæниуонцæ уæди цардиуаги ахсгиагдæр фарстатæбæл. Мадта уолæфгæ дæр бакæниуонцæ рæсугъдæй æма зæрдæмæдзæугæй...**

# «ДÆ ЦАРДИ НИСАН БÆЛВУРД ÆМА БÆРЗОНД ÆЙ...»

***Нæ Иристони номдзуд лæгтæй еу, Джусойти Нафи, нæ иннæ номдзуд лæг Хъесати Валодимæ ци арфи финстæг рарвиста, уоми уотæ баханхæ кодта: «Дæ царди нисан бæлвурд æма бæрзонд æй, уæдта имæ æвæллайгæ æма зæрдрохсæй цæуис...» Æма æцæгæйдæр уотæ ке адтæй, уомæн ба ирдæй-ирддæр æвдесæнтæ ’нцæ Хъесай-фурти цардвæндаги хабæрттæ. Уой кой ракæнунæн ба нин абони хуарз равгитæ ес. Еуемæй, хуæрзæрæги сæдæ анзи исæнхæст æй нæ национ газет «Рæстдзинад»-бæл, Хъесати Валоди ба беръ æнзти дæргъи – уой дæр æ карни тæккæ æнтъунсæгдæр рæстæгути – æнтæстгинæй ин разамунд лæвардта; иннемæй ба, дæс æма æртинсæй анзи æнхæст кæнуй культури косгути профессионалон цæдеси исарæзтбæл, æма уони архайди дæр ес æ зингæ байвæрд, æ рæстæги нæ республики культури министрæй косгæй, хъæбæр æновудæй ауодудта, цæмæй сæ къабази профцæдесон организаций берæвæрсуг куст уа ахедгæ æма æнтæстгин. Еугур еци хабæртти фæдбæл æй зундгонд журналист ЧЕРЧЕСТИ Хъасболати дзубанди – Хъесати Валодий хъæбæр хуарз зудта, уой рæстæги е дæр куста газет «Рæстдзинад»-и редакций æма си абони дæр ма хъæбæр арфиаг æй.***

**ИМИСУЙНÆГТÆ**



**ЧЕРЧЕСТИ Хъасболат**
журналист,
финсæг

Хуæрзаййев – æ бакаст, ездон – æ дзурдигъæдæ, рæсугъд – æ рацуд, искурдиадæгин журналист æма финсæг, дæсни æма арæхстгин разамонæг, уæхæн хуæдæфсармæ æма æгъдаугин лæгæй зудтан, мах, газет «Рæстдзинад»-и косгутæ, нæ сæйраг редактор Хъесати Валодий.

Æ зундгин, дзурддзæугæ загъдæй, æ хуарз унаффитæй æма цæстуарзон агъазæй рæвдуд айдагъ мах, е ’мкосгутæ нæ адтан, фал ин устур аргъ кодтонцæ æма ’й берæ уарзтонцæ сауæнгæ æцæгæлон адæм дæр. Абони дæр ма Хъесати муггаги бийнонти, хеуæнтти, зонгити, æ берæ лимæнти не ’руагæс кæнуй, нур сæ уарзон, боц æма кадгин хестæр, фурбоцæй, нæхе Валоди, зæгъгæ, ке худтонцæ, е сæ уæлгъос нæбал балæудзæнæй, æма ин æ зундамонæн дзубандитæмæ некæдбал байгъосдзæнæнцæ, æма уобæл сæ зæрдитæ ресунцæ æма ресунцæ, Валоди се ’хсæнæй ку фæгъгъудæй, уæдæй кæд цалдæр анзи рацудæй, уæддæр.

Хъесати Валоди райгурдæй 1932 анзи Ногири. Цæгат Иристони паддзахадон институт каст фæууни фæсте куста ахургæнæгæй. Æ комкоммæ кусти дæр æма æхсæнадон царди дæр æновудæй æма хъæппæресгинæй ке архайдта, уомæ гæсгæ цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте æй равзурстонцæ партий Горæтгæрон райкоми дуккаг секретарæй. Фæстæдæр æй иснисан кодтонцæ Ирон театри директорæй, уæдта ’й ракодтонцæ партий Цæгат Иристони обкоммæ – куста си мухури, телеуинунадæ æма радиой сектори сæргълæууæгæй, пропагандæ æма агитаций хайади сæргълæууæги хуæдæййевæгæй. Берæ арфиаг гъуддæгутæй фескъуæлхтæй, нæ республики культури министр уогæй. Уæдмæ ба, 1988 анзи косун райдæдта газет «Рæстдзинад»-и сæйраг редакторæй æма нæ национ газетæн арæхстгин разамунд фæллæвардта финддæс анзей дæргъи. Кæмидæриддæр косгæ ин рауадæй, уоми æ фæллойнæ цæйбæрцæбæл хъазауатон адтæй, уомæн бæлвурд æвдесæн æй, паддзахади ’рдигæй цæйбæрцæбæл цитгингонд æрцудæй, е дæр – æ рæстæги ин исаккаг кодтонцæ Уæрæсей Федераций культури æскъуæлхт косæги кадгин ном, уæдта Республикæ Хонсар Иристони æскъуæлхт журналисти кадгин ном дæр, хуарзæнхæгонд ма æрцудæй берæ æндæр бæрзонд хуæрзеугутæй.

Хъесати Валоди ниффинста берæ пьеситæ, радзурдтæ, очерктæ, публицистон уацтæ, наукон куститæ. Зæрдиагæй архайдта æма æмбурд кодта ирон адæмон исфæлдистадон хæзнатæ æма сæ мухур кодта газетти, журналти. Хецæн киунугутæй ин мухури рацудæнцæ цалдæр киунуги: «Ирыстоны зæрдæ», «Зæринджын», «Мæсыгамайджытæ», «Царды хос», «Бæлццоны сагъæстæ», «Ирон цуанæтты æгъдæуттæ æмæ æвзаг» æма æндæртæ.

Уой хæццæ ма Валоди уруссаг æвзагæй ирон æвзагмæ ратæлмац кодта вьетнаймаг финсæг Хуа Майы «Вьетнаймаг легендæтæ»; хецæн киунугæй мухури рацудæнцæ 1983 анзи Дзæуæгигъæуи. Никки ма уруссаг æвзагæй ирон æвзагмæ ратæлмац кодта Дагестани адæмон финсæг Ахмедхан Абу-Бакари пьесæ «Сказание о гончарном круге», Узбекистани адæмон финсæг, драматург Леонид Бабахановi пьесæ «Седьмой джин», сербаг-хорватаг драматург Мирослав Колежайи æртæактон драмæ «Господа Глембай» æма æндæртæ. Еуетæ си æвæрд æрцудæнцæ Ирон театри сценæбæл.

Дзубанди дæр ибæл нæййес, æвадуат нæдтæбæл кæд зиндæр цæуæн фæууй, уæддæр æнцæ цæмæдесагдæр, гъæуй си алцæмæ дæр лæмбунæгдæр, критикон цæстæй кæсун. Адæймагмæ уæд исæвзуруй æхе цæстингас, æхе лæдæрундзийнадæ, æхе хатдзæгтæ, ци фарстатæбæл фæккосуй, уой фæдбæл. Еци домæнтæ хуарз лæдæрдтæй Хъесати Валоди æма кæцидæр нæуæгдзийнæдтæ æ бон бацæй зæгъун дæр. Æ къохи бафтудæй уæди уæнгæ берæ циуавæрдæр хъоргæнæнти фудæй гъæугæ æргом æздæхт кæмæ нæ цудæй, уæхæн æнæмæнгæ гъæугæ фарстатæбæл наукон-æртасæн, зонадон-методикон куститæ, монографитæ, очерктæ ниффинсун, уæдта ма, раздæр римæхст ка адтæй, æргом ке нæ кодтонцæ, цалдæр уæхæн лухкæнуйнаг фарстатæбæл уадзимистæ ниффинсун. Зæгъæн, зонадон-æртасæн куст «Ирон цуанæтты æгъдæуттæ æмæ æвзаг». Хецæн киунугæй мухури рацудæй 1996 анзи. Финст æй ирон æвзагбæл.

Фиццаг ирон профессор Æлборти Барисбийи репрессити рæстæг ку ниййахæстонцæ æма ин, раст уогæй, карз тæрхон ку рахастонцæ, уæдæй фæстæмæ ибæл мухури æрмæг нæбал цудæй. Хъесати Валоди ин æ цард æма карни туххæй ниффинста очерк «Фыццаг ирон профессор», мухургонд æрцудæй газет «Рæстдзинад»-и 1994 анзи ноябри, 212-219-аг номерти.

Никки ма Хъесати Валодий къохи ниффинсун бафтудæй уæхæн æнæмæнгæ бакæсуйнаг, медесгун æрмæгутæ: зонадон-методикон куст «Хетæгкати Къостай æмдзæвгæ «Фсати»-й лæдæрунгæнæн бакаст». Уæди уæнгæ уæхæн куст финст не ’рцудæй, гъæугæ ба, куд рабæрæг æй, ахсгиагæй гъудæй. Æрмæг мухургонд æрцудæй газет «Рæстдзинад»-и 1994 анзи 11-12 мартъий номерти.

Ниффинста ма очерк зингæ ирон финсæг, историк, этнограф Темирханти Сослани æнамонд карни туххæй дæр. Сослани 1925 анзи ку ниййахæстонцæ æма ’й ку рамардтонцæ, уæдæй фæстæмæ ибæл фингæ нæ, фал æ кой искæнун дæр неке æндиудта. Валоди æрмæг æмбурдгæнгæй, ниффинста паддзахадон æдасдзийнади Комитетмæ (КГБ-мæ) æма ин уордигæй равардтонцæ бæлвурд справкæ. Испайда ма кодта Темирхани-фуртæн æ куститæй, æ финстæгутæй, æ хæстæгути имисуйнæгтæй æма ибæл ниффинста устур очерк – «Ирыстоны æхсарджын хъæбул», мухури рацудæй газет «Рæстдзинад»-и 1989 анзи 30 декабри номери.

Газет «Рæстдзинад»-и редактортæй ка куста 1923 анзæй 2003 анзмæ, уонæн сæ еугурей туххæй дæр Валоди ниффинста очерк «Рæстдзинады мæсыгамайджытæ».

«Рæстдзинад» цуппаринсæй анзей дæргъи ци гургъахъ надбæл фæццудæй, ци ахсгиаг, аргъ кæмæн нæййес, уæхæн лæггадæ фæккодта нæ адæмæн, уобæл финст æй Валодий иннæ очерк «Цард рæстдзинадыл лæууы», зæгъгæ, е дæр.

Газет «Рæстдзинад» æцæг адæмон газет ке иссæй, æ куст бæлвурд ке фæххуæздæр æй, уомæ гæсгæ ин 2000 анзи лæвæрд æрцудæй Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл Паддзахадон преми – национ културæ, нæ маддæлон æвзаг багъæуай кæнуни æма æ идарддæри райрæзти гъуддагмæ агъазиау байвæрæни ке бахаста æма хæссуй, уой туххæй (сæйраг редактор Хъесати Валоди).

**Зундгонд финсæг Фæрниати Солтий фурт Константини (Фæрнион Къостай) райгурдбæл ханси мæйи дуккаг бон æнхæст кæнуй финддæс æма фондзинсæй анзи (1908-1937).**

*уотæ сæ еугур уавæртæ æма фадуæттæ дæр. Уони æма æндæр уæхæн зæрдæлхæнæн, зæрдесгæ мадзæлтти фæрци исразæнгард, исцæмæдес кæнун гъæуй нæ фæсевæди сæ маддæлон æвзагбæл финсунмæ. Уотæ ку уа, уæд нæ фæсевæд разæнгарддæрæй арази уодзæнæнцæ нæ маддæлон æвзагбæл мухури фæрæзнити косунмæ...»*



Нæ адæми, нæ цитгийнаг Иристони цардайдæнæ «Рæстдзинад»-и цардвæндаги туххæй сæрмагонд киунугæ бацæттæ кæнун гъæуй, зæгъгæ, хъæппæреси амидингæнæг дæр Хъесати Валоди иссæй. Æ фæндæ ба уæхæн адтæй, еци арфиаг гъуддаг гъæуама ма райевгъуйа цидæр брошюрæ райаразунæй, фал исуа уиндгунæй-уиндгундæр киунугæ, зæгъун æнгъезуй, æцæг энциклопеди, кæцими ирдæй æвдист æрцæуа айдагъ «Рæстдзинад»-и нæ, фал нæ национ журналистики гъомусадæ. Хъесати Валодий хъæппæресæй арæзт æрцудæй редколлеги, кæций æновуд архайди фæрци бантæстæй берæ гъæздуг æрмæг æрæмбурд кæнун, раздæр си ка куста, уони агъазæй æма гъе уотемæй уагъд æрцудæй, 703 фарси кæми ес, уæхæн медесгун киунугæ «Цардайдæн». Уагъд ба ’рцудæй «Рæстдзинад»-и цуппаринсæй анзей бонмæ, æ тираж мин экземпляремæ хæстæг.

Газет «Рæстдзинад»-и кадæ бæрзонддæр кæнунæн, уæдта цæмæй æхсæнадон организацитæ æма уонæми косгутæ, нæ дзиллæ хуæздæр зононцæ нæ национ газети нисанеуæг, уой туххæй Хъесати Валодий арæхстгин разамундæй арæзт æрцудæй республикон еугурадæмон устур æма кадгин бæрæгбæнттæ. Цитгин бæрæгбæнттæ арæзт æрцудæй «Рæстдзинад»-и æ дæс æма æртинсæй анзей, финддæс æма æртинсæй анзей, цуппаринсæй анзей, æ 2000-аг номери кадæн.

Нæ бæстæбæл зин рæстæгутæ ку искодта, демократтæ ци «райарæзт» низгули кодтонцæ, е æнæгъæнæ бæстæ ку исусхъуммитæ кодта, адæми сæрзелæни азари ку бафтудтонцæ, дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ, æзнæт догъон æ иликкæнттæй ку фæууæгъдæ уй æма сæрбехъулæнттæ кæнун ку байдайуй, уой хузæн иссæрра ’нцæ æма цитæ кодтонцæ, уой сæхуæдтæ дæр æнхæст ку нæ лæдæрдтæнцæ, уæд еци уæззау æнзти æхе дæсни æма зундгин, уодигъæдæй федар æма арæхстгин разамонæгæй равдиста Хъесати Валоди. Маймайиддæр фæккеун нæ бауагъта нæ национ газет «Рæстдзинад». Адæм æй раздæри хузæн зæрдиагæй рафинсиуонцæ æма ’й кастæнцæ, уомæн æма гъæздуг адтæй уæди рæстæги еугуремæн дæр цæмæдесаг фарстати фæдбæл медесгун æрмæгутæй, кæцитæ, бæрæг адтæй, финст цудæнцæ рæстуодæй, зæрди бунæй. Ирд æма си бæлвурдæй зиндтæнцæ адæми цийнæ дæр æма рист дæр, æ сагъæстæ æма монцтæ. Е ба дзорæг адтæй уобæл, æма «Рæстдзинад», æцæгæйдæр, ке иссæй адæмон газет.

Хъесати Валоди зæрдиагæй архайдта дууæ Иристоней æнгомдзийнадæбæл. Æ хъæппæресæй «Рæстдзинад» æма Хонсар Иристони газет «Хурзæрин»-и косгутæ ахид исæмбæлиуонцæ кæрæдзей хæццæ. Еци æнсувæрон æма исфæлдистадон мадзали рæстæг зæрдиаг дзубанди цудæй нæ Иристони карнæбæл, нæ адæми ресагæдæр фарстатæбæл.

Хъесати Валодийæн æ берæвæрсуг исфæлдистадæн, æма æхецæн дæр, куд æцæг ирон курухон лæг, уотæ устур аргъ кодтонцæ æма, кæд абони не ’хсæн нæбал æй, уæддæр нерæнгæ дæр цитæ кæнунцæ нæ дзиллæ. Нæ номдзуддæр финсгутæй еу, академик Джусойти Нафи, Валодийæн арфитæ кæнгæй, уотæ загъта:

– Хъазар Володи! Рагæй дæ зонун æгъдау æма намуси лæгæй, кустуарзагæ æма еске фудæбонæн дæр аргъгæнагæ адæймагæй. Æма айдагъ етæ ку уиуонцæ дæ уодигъæди менеугутæ, уæд адæми размæ дæу туххæй дзоруни сæр нæ гъæуидæ. Фал дæ зæрдиаг куст ацал-ауал анзи арæзт æй мухцури донау еу хуæрзеуæгмæ – ирон адæми хелæдæрундзийнадæ фæббæрзонддæр кæнунмæ, уæдта нæ национ культурæн хуарз фæуунмæ. Уæхæн зæрдиаг архайд ма фæууинæ, кенæ ба ин дæ меднимæр арфæ ракæнæ, е ба уидæ къуæттий кенæ фудзæрдæ адæймаги миуæ.

Уинун æз дæ хуæрзеуæгхæссæг куст – кастæн дин дæ финститæ еугурæйдæр, ефстæгутæй фæстæмæ, – æма дин зæгъун, нуриуæнгæ мæ уодрæбун ке хастон, еци арфи дзубандитæ: арфиаг дæн дæ зæрдиаг æма еугæндзон кусти туххæй нæ адæми хуарз исонибони сæрбæлтау. Арфиаг дæ дæ дессаги хуæрзæгъдау æма цæстуарзондзийнади туххæй! Арфæ дин кæнун уой туххæй дæр, æма дæ хуæрзеуæги куст нимдæй ке кæнис, цума адæмæн урдуг лæууис, уоййау!

Гъудигæнагæ адæймагмæ ахид æрцæуй уæхæн сагъæссаг фарста: ци ’й, циуавæр æй мæ царди нисан аци дуйнейбæл?.. Ду, Валоди, Ирон театри берæ фæккустай æма дæ зæрдæбæл лæудзæнæнцæ Елбиздихъой Хансиати зæгъдтитæ: «Ци цард æй айæ? Кенæ ба хуарз цард ке хонунцæ, е дæр ци ’й?.. Кæрдæг дæр кæрдæг æма мах дæр. Кæрдæг искæсуй, исирæзуй, рацæруй, æхе хузæнттæ ниууадзуй, уой фæсте ибæл уазал зумæг ку ’рбауолæфуй, уæд рамæлуй. Рамæлдзинан мах дæр, æма ци байзайдзæнæй нæ фæсте не ’намонд æма нæ коййæй æндæр?..»

Адæймаг æ «кæрдæги цард» дæр, гъома, æ биологон æрдзон цард дæр гъæуама аййев æма зæрдæмæдзæугæ хузи рарвета. Фал æ сæйраг катай е ’хсæни царди нисан æй. Уæхæн бæрзонд нисан ку нæ уа, æхецæй идарддæр ку некæмæн неци агъаз уа, уæд, Хансиати загъдау, е цард нæй… Ду, Валоди, уæхæн уодхуар катаййæй ервæзт дæ, дæ царди нисан бæлвурд æма бæрзонд æй, уæдта имæ æвæллайгæ æма зæрдрохсæй цæуис. Е амонди гъуддаг æй, æма гъæуама арази æма боц уай царди надæй...»

Æма, æцæгæйдæр, боц æма райгондæй фæццудæй æ цардвæндагбæл Хъесати Валоди. Е кæд абони не ’хсæн нæбал æй, уæддæр æ фæсте ци берæ литературон уадзимистæ, публицистикон уацтæ, очерктæ ниууагъта, уони адæм кæсунцæ зæрдиагæй æма ин алкæддæр æ ном æримисунцæ устур æхцæуæнæй. Исфæлдистадон косæг ба фæццæруй уæдмæ, цалинмæ ин адæм æ зæрдибунæй финст æрмæгутæ фæккæсунцæ. Уомæ гæсгæ нæ бон зæгъун æй уотæ, æма абони дæр æма исонибони фæлтæртæн дæр сæ хæццæ ке «цæрдзæнæй» Хъесати Валоди – æ берæ арфиаг гъуддæгутæй, æ цæмæдесаг исфæлдистадон уадзимистæй, æ зæрдтагон фæдзæхститæй...



ХЪЕСАТИ Валоди Индийæй æрбацæуæг иуазгути хæццæ

# ЕРВÆЗУНГÆНÆГ

***(таурæхъ)***

Еу мæгур лæг ахид цудæй гъæдæмæ, æмбурд си кодта рæзæ, хуæрунмæ бæзгæ зайæгойтæ, гагарæзæ… Уæд дин еухатт бабæй райста æ голлагæ, æ лæдзæг æма фæццæуй гъæди астæути. Уалинмæ тухуолæфтгæнгæ æ рази равзурдæй цъæх берæгъ æма ин лигъстæ кæнуй:

– Фæййервæзун мæ кæнæ, дæ хуарзæнхæй!.. Цауæйнон мæ æрбасоруй æма мæ мардзæнæй...

– Æма дæ куд фæййервæзун кæнон? – бафарста æй мæгур лæг.

– Дæ голлаги мæ ниггæлдзæ, æ ком ин федар бабæттæ æма ибæл æрбадæ. Цауæйнон дæ ку фæрса мæнæй, уæд ин зæгъæ, мæ рæзти ралигъдæй, зæгъгæ.

Мæгур лæг берæгъи æ голлаги ниггæлста, æ ком ин федар ниббаста æма ибæл æрбадтæй. Уæдмæ æрбахъæрттæй цауæйнон, æ хъæрæймаг æ къохи, уотемæй.

– Хуарз лæг, ами берæгъ кæцирдæмæ ралигъдæй, уой нæ фæууидтай? – фæрсуй цауæйнон.

– Фæууидтон, ами мæ рæзти ралигъдæй, уартæ ецирдæмæ.

Цауæйнон, мæгур лæг ин кæцирдæмæ загъта, ецирдæмæ ратагъд кодта, нæбал мин райервæздзæнæй, зæгъгæ, уотемæй.

Берæгъ фæййервазтæй, уой ку базудта, уæд дзоруй мæгур лæгмæ:

– Исуæгъдæ кæнæ голлаги ком.

Мæгур лæг исуæгъдæ кодта голлаги ком æма берæгъ цийнæгæнгæ расæррæт кодта уордигæй. Мæгур лæг цæунмæ куд гъавта, уотæ ибæл берæгъ фæгъгъæр кодта:

– Æрлæууæ!.. Хуæргæ дæ кæнун!.. Еци цауæйнон мæ уойбæрцæ фæррасорæ-басорæ кодта, æма æстонгæй мæ уод исхауй. Æнæ бахуæрæн дæ нæййес.

– Гæрр, куд мæ хуæрис? Æз дæ мæлæтæй фæййервæзун кодтон, ду ба мæ хуæргæ кæнис?

– Берæ ма дзорæ!.. Мæн дзубандитæмæ нæ евдæлуй...

– Мадта мæ уæддæр Хуцаумæ исковун бауадзæ.

– Ковæ, æцæг тагъддæр.

Мæгур лæг æ уæргутæбæл æрлæудтæй æма ковун райдæдта. Еци рæстæги сæ размæ æрбауадæй робас æма имæ мæгур лæг дзоруй:

– Робас, мæ гъаст дæумæ хæссун: аци хабар дæмæ дессаг нæ кæсуй? Æз мæ надбæл æнцад цудтæн мæхецæн. Аци берæгъи еу цауæйнон марунмæ агурдта, æма ’й æз мæлæтæй фæййервæзун кодтон. Нура мæ хуæрунмæ гъавуй.

– Нæ дæбæл æууæндун! Раст зæгъуй, кæрæф, аци лæг? – бафарста робас берæгъи.

– Раст зæгъуй, – дзуапп равардта берæгъ, – фал æз æстонг дæн, мæнмæ хуæрун цæуй.

– Нæ ми æруагæс кæнуй, уомæн гæнæн куд ес: лæг берæгъи фæййервæзун кæна? Нæ, е ми не ’руагæс кæнуй.

– Уотæ адтæй, ард дин хуæрун, – загъта бабæй мæгур лæг, – фæййервæзун æй кодтон!

– Мадта мин фæууинун кæнай, куд æй фæййервæзун кодтай мæлæтæй, уой, – зæгъуй робас лæгæн.

Мæгур лæг берæгъи ниллæсун кодта голлагæмæ, голлаги ком федар бабаста, æрбадтæй ибæл æма байдæдта дзорун:

– Уотæ ибæл æрбадтæн æма цауæйнони расайдтон, мæ рæзти, зæгъун, ралигъдæй. Берæгъи фæййервæзун кодтон мæлæтæй, – загъта мæгур лæг.

Уæд имæ робас дзоруй:

– Нур дæбæл бауæндтæн, фал уæхæн æгудзæг цæмæн дæ? Устур лæдзæг дæмæ ку ес – хуайгæ ’й кæнæ, хуайгæ, æ сæрмæ ин гъавæ æма ’й куййи мард никкæнæ.

Мæгур лæг фестадæй, æ лæдзæг идард фæхххаста æма си берæгъи голлаги хурфæмæ хуайун байдæдта: ниммoрæ ’й кодта. Уотемæй робаси фæрци фæййервазтæй мæлæтæй. Робасæн берæ арфитæ фæккодта æма сæрæгасæй фæстæмæ раздахтæй æ мæгур хæдзарæмæ.



Зундгонд журналист, Цæгат Иристони культури æскъуæлхт косæг Толпарти Александри фурт Сослани райгурдбæл ханси мæйи фæндзæймаг бони æнхæст кæнуй дæс æма цуппаринсæй анзи (1933-1999).

*Бæхбæлбадуни спорти æртивæр хуземæй Еугуруæрæсеуон турнир æрæги рацудæй поселок Заводтаги. Архайдтонцæ нæ бæсти берæ регионти, уæдта нæ республики спортсментæ. Нуртæккæ ба спорти аци хузи Уæрæсей еугонд командæ æхе цæттæ кæндзæнæй майи кæрони Милски ци дуйнеуон турнир рацæудзæнæй, уоми архайунмæ.*



# «УÆХЕБÆЛ ÆУУÆНДЕТÆ ÆМА ЗÆРДИРАЙ УОДЗИНАЙТÆ!..»

Цæмæдæр гæсгæ иуонгæй ка фæссахъат æй, еци футболистти гъазтмæ кæсгæй, зæрдæбæл æрбалæууй номдзуд немуцаг поэт Иоганн Гетей фæдзæхст: «Уæхебæл æууæндун райдайетæ æма уайтæккæ базондзинайтæ, куд цæргæ уин æй, уой…» Нæ зонæн, аци лæгтæлæхъуæнтæ ескæд фегъустайуонцæ еци загъд, фал ни федарæй æруагæс кæнуй, æвадуат уавæри бахаугæй, нифссаст нæ фæцæнцæ æма сæ къох сæ карнæбæл нæ ракъуæрдтонцæ, фал бавдистонцæ уоди хъаурæ, сæхебæл бауæндтæнцæ æма сæ царди хабæрттæ разæнгардæй æнхæст кæнунцæ.

Уомæн æвдесæн æй, Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æрæги ку фембалдæй, сæ бауæри хæйттæ ампутацигонд кæмæн æрцудæнцæ, еци футболистти хæццæ се 'хсæн ци зæрдæй-зæрдæмæ дзубанди рауадæй, е дæр.

Фембæлди рауæн ба иссæй стадион «Юность». Республики разамонæг уоми бакастæй сæ тренировкитæмæ, уæдта сæхе æма сæ тренерти хæццæ фæдздзубанди кодта.

Зæгъун гъæуй уой, æма ампутантти футболон клуб «Иристон» нæуæгæй фæстæмæ æ куст райдæдта 2022 анзи январи. Команди ес финддæс спортсмени. Цæйбæрцæбæл æнтæстгин æнцæ, уомæн ба æвдесæн зунд æй: цубур рæстæгмæ сæ командæ иссæй еугуруæрæсеуон æмвæзади ересити уæлахезон æма призер. Уомæй уæлдай, уæрæсейаг еугонд команди ес Цæгат Иристонæй дæр цуппар спортсмени.

Нуртæккæ футболон клуб «Иристон» æхе цæттæ кæнуй ампутантти Уæрæсей чемпионатмæ футболæй.

Фембæлди рæстæг Сергей Меняйло куд баханхæ кодта, уотемæй физикон культурæ æма спорти къабази вазуггин фарстатæй еу æй – адаптивон физикон культурæ æма спорти ирæзт, уæдта е 'нæнездзийнадæ гъигæдард кæмæн æй, еци адæймæгути спортбæл æхцул кæнуни гъуддаг дæр.

## ЗОНУЙНАГ



Дзæуæгигъæуи арæзт æрцæудзæнæй Уæрæсей чемпионат бауæрæй сахъат футболистти (ампутантти) æхсæн. Уой фиццаг зилд райдайдзæнæй 16 майи. Архайдзæнæнцæ си командитæ Махачкалайæй, Грознайæй, Волгоградæй, Новороссийскæй, Мæскуйæй, Ижевскæй, Барнаулæй, уæдта цæгатиристойнаг футболон клуб «Иристон» дæр.

Фиццаг зилди ересити фæсте ба, 14-20 июни рацæуудзæнæнцæ дуккаг зилди фембæлдтитæ.

Ерестæ цæудзæнæнцæ Дзæуæгигъæуи сувæллæнтти спортивон скъола «Æвзонгадæ»-йи фæзи.

Куд ма загъта, уотемæй Уæрæсей Федераций спорти министрадæмæ æрвист æрцудæй курдиадæ, æ иуæнгтæ гъигæдард кæмæн æнцæ, еци адæмæн нæ республики сæрмагонд физкультурондзæбæхгæнæн комплекс бассейни хæццæ исаразуни фæдбæл федералон бюджетæй æхца радех кæнуни туххæй. Нерæнгæ гæгъæди æй профилон министради, бæлвурдæй имæ каст гъæуама 'рцæуа, æма гъуддаг, нæ зæрдæ дарæн, гъæугæ хузи арæзт æрцæудзæнæй.

– Инвалидтæн сæрмагонд спортивон объект исаразуни фарста æнæмæнгæ ралух кæнун гъæуй, – загъта Сергей Меняйло. – Нæуæг комплекси син хуарз фадуæттæ фæззиндзæнæй, спорти фæрци физикон æма психологон уагæй реабилитацийæн.

Еци гъуддаг арæзт цалинмæ цæуа, уæдмæ ба син гъæуама уа гъæугæ фадуæттæ сæхе цæттæ кæнунæн. Æма республики разамонæг физикон културæ æма спорти министрадæн нæ республики байхæс кодта командæ «Иристон»-и футболисттæн Беслæни стадион «Пищевик»-и фæзи тренировкити мадзæлттæ исаразун.

– Стадиони хъæбæр хуарз уавæртæ ес. Фтуболистти ку бафæндæ уа аци рауæн тренировкитæ кæнун, уæд сæ ласдзинан уордæмæ. Лæхъуæнтæ сæрæн æнцæ, ес сæмæ бæлвурд нисантæ. Дузæрдуггаг нæй, командæн никки агъазиаудæр æнтæстдзийнæдтæ ке бафтуйдзæнæй æ къохи. Мах æрдигæй ба син агъаздзийнадæ алкæддæр æнхæстæй уодзæнæй…

Зæрдæбæл ма æрлæууун кæнæн уой дæр, æма фæлварæ Сергей Меняйло фембалдæй футболи Уæрæсей ампутантти еугонд команди тренер **Бæцойти Руслан** æма команди капитан **Гæмаунти Игори** хæццæ. Дзубанди цудæй уæлдæр амунд команди архайд фæстæмæ нæ республики иснæуæг кæнунбæл æма син нæ республики Сæргълæууæг уой фæдбæл аразий дзуапп равардта.

*Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта*
***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

## АРФÆ КÆНÆН!..



# ÆНТÆСТГИН УО, АЛЕКСАНДР!

Уалдзæг æма Фæллойни бæрæгбон, кæци бæрæггонд цæуй 1 майи, уæлдай цийнаг рауадæй газет «Северная Осетия»-й сæйраг хуæдæййевæг **Александр ТОРИНÆН** – уой хуæдразмæ ин акаггонд æрцудæй Уæрæсей Федераций культури æскъуæлхт косæги кадгин ном.

Еци хуæрзеуæг æй уой æвдесæн, æма Александр Торин нæ райрæзти гъуддагмæ зингæ æвæрæн ке бахаста æма ма нерæнгæ дæр ке хæссуй. Аци профессимæ 'рбацудæй, 1979 анзи Цæгат Иристони паддзахадон университети филологон факультет каст ку фæцæй, уой фæсте. Æ профессионалон над райдæдта республикон газет «Æригон коммунист»-æй. Æ фæллойнадон хигъд æнхæст æй берæ æскъуæлхтдзийнæдтæй айдагъ журналистики нæ, фал советон, фæскомцæдесон æма партион кусти. Æ рæстæги адтæй адæми социалон гъæуайкæнуйнади Центри директор, Мухури æма рауагъдади гъуддæгути фæдбæл Комитети сæрдари фиццаг хуæдæййевæг.

Газет «Северная Осетия»-й коллективмæ Александр æрбацудæй 2010 анзи, цалдæр анзей дæргъи разамунд лæвардта республикон газетæн, абони ба 'й сæйраг редактори хуæдæййевæг. Зæгъун гъæуй уой, æма зингæ æвæрæн бахаста нæ республики мухури ирæзтмæ, æй Цæгат Иристони культури æскъуæлхт косæг, хуарзæнхæгонд æрцудæй республики Кади гæгъæдитæй, æндæр ведомствити хуæрзеугутæй.

Куд не 'мгустгæнæг, уотæ дин, Александр, дæ кадгин хуæрзеуæги фæдбæл газет «Дигори» редакций косгутæ зæрдиагæй арфæ кæнунцæ. Æнæнез уо, фиццагидæр, Устур Хуцау ба дин уæхæн хъаурæ æма амонд раттæд, æма нæуæг, никки агъазиаудæр æнтæстдзийнæдтæ дæ къохи куд бафтуйа, зæрдирай уо æма фарнæ дæ хæццæ æмдзо кæнæд!..

***Республикон газет «Дигорæ»-йи редакций коллектив.***

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **950**. Заказ **№ 904.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 28.04.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 28.04.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**